



Pou Piblikasyon Imedya: 16/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AP DEVLOPE REZO RESIF ATIFISYÈL ETA A AVÈK AJOU 16
VWATI RAY TREN NAN RESIF PLAJ ATLANTIK LA**

*Devlopman vwati ray tren yo nan resif plaj atlantik la pra ankouraje resous lapèch
rejyon an epi li pral amelyore abita maren an*

*Dezyèm depo yon total 75 vwati ray tren Wells Fargo Rail Corporation ke DEC a te
bay kòm don*

*Twazyèm ane ekspansyon resif atifisyèl Eta a estimile nouvo opòtinite pou touris
ak lwazi*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a deplwaman 16 vwati ray tren nan Resif Plaj Atlantik (Atlantic Beach Reef) la pandan twazyèm ane ekspansyon istorik resif atifisyèl New York la nan bò rivaj Long Island yo. Gouvènè a te bay enstriksyon pou deplwaman estratejik vwati ray tren sa a - yon lòt 16 nan total 75 vwati ray tren ke Wells Fargo Rail Corporation (Kòporasyon Ray Tren Wells Fargo) te bay kòm don - nan Resif Plaj Atlantik la pou amelyore lavi maren divès New York la epi pou ankouraje lapèch rekreyatif ak espòtif ak endistri plonje nan lanmè Long Island lan. Nan mwa septanm lan, yo te lage remòkè "Jane" lan, 16 vwati ray tren, ak yon tibin an asye nan Resif Hempstead la, premye pami anpil deplwaman nan resif an 2020.

"Nou kontinye onore eritaj anviwònmanal New York ak angajman pou konsèvasyon nou an nan devlope rezo resif atifisyèl Eta nou an. Resif sa yo benefisyè anviwònman nou an nan restore lapèch ak nan bay materyo ki anplis yo nan yon itilizasyon ki pwodiktif", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Avèk nouvo ajou sa a, nou ap fè avanse efò nou yo pou nou kòmanse anviwònman maren an pou jenerasyon Nouyòkè alavni yo."

Sou òdonans Gouvènè an avril 2018 - epi ak kowòdinasyon san presedan ant plizyè ajans - materyo ki resikle ki soti nan Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a, Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA)/Canal Corporation, ak Otorite Thruway la (Thruway Authority) pami lòt patnè piblik ak prive epi ap sèvi pou nouvo itilizasyon pou devlope sit resif atifisyèl New York yo.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York la ap jere 12 resif atifisyèl eta a, ki enkli de resif nan Detwa Long Island nan, de nan Gran Bè Sid la, ak wit nan Oseyan Atlantik la. Resif Atlantic Beach la ki mezire 167 ekta a twouve li nan senk mil senk san

senkant sis kilomèt nan sid Plaj Atlantik la avèk yon pwofondè 55-64 pye. Youn nan premye resif ki te kreye nan Eta New York yo, resif sa a te gen ladan avan de bato, nèf baj, veyikil blende anplis yo, 404 kò otomobil, 10 kamyon Bònime (Good Humor), gri ak teras an asye, wòch, plak an beton yo, tiyo yo, ponso, pon, ak debri.

Yo plase materyèl yo itilize pou ekspansyon resif yo èstratejikman epi genyen ladan yo estrikti ki solid, epi ki dirab tankou wòch, beton ak asye. DEC sipèvize netwayaj kontaminan nan materyo resif resikle yo pou diminye enpak potansyèl sou lavi nan lanmè a anvan yo te deplwaye yo nan sit resif yo. Lè materyo yo ak bato yo fin poze anba lanmè a, pi gwo pwason yo, tankou pwason nwa, pwason lou nwa, mori ak kardo lete vini abite nan nouvo estrikti yo, epi òganis ankwoutan yo tankou zwit yo, eponj yo, anemòn yo, koray yo, ak moul yo ap kole sou yo epi kouvri materyo a. Pandan tan ap pase, estrikti resikle sa yo kreye yon abita ki prèske menm jan ak yon resif natirèl.

DOT, NYPA/Canal Corporation, ak National Grid (Rezo Elektrik Nasyonan) te bay Materyo ki pa an sèvis yo te deplwaye an 2019 nan Resif Plaj Atlantik la, epi yo gen ladan:

- Trant senk baryè an beton ki mezire 20 pye;
- Ven pout an asye avèk tèt an beton ki soti nan Otowout Staten Island (Staten Island Expressway);
- Kenz tiyo an asye ki mezire 5-40 pye ki soti nan Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge);
- Yon chalan dechaj deklase ki mezire 75 pye;
- Uit poton ki mezire 20 pye;
- Vennis bwe lak ki mezire 10-14 pye;
- Kat pyès nan yon chalan dechaj deklase ki mezire 100 pye;
- Yon lank;
- Yon bwe navigasyon; ak
- Yon tibin an asye ak kakas tibin an asye yo.

Komisè DEC an, Basil Seggos, te di, "Apwòch inovatè Gouvènè Cuomo a pou agrandi rezo resif atifisyèl New York la ap kreye ekosistèm nan dlo pi an sante, pi dinamik ak divès pandan li ap sipòte ekonomi kominote kotye New York yo. Mwen aplodi tout ajans Eta a yo ak ekspè Resous nan Lanmè Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) la pou travay yo a nan efò kontini, istorik pou ekspansyon rezo resif la, sa ki deja bay plis opòtinite pou pechè ak liy yo, plonjè yo, ak anviwònman nan lanmè a".

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez te deklare, "Depatman Transpò Eta a fyè pou li travay avèk ajans sè nou yo sou pwogram enpòtan sa a, nan retransfòme materyo transpò yo pou etann resif atifisyèl yo ak sipòte biyodivèsite a, lapèch ak touris. Se yon lòt egzanp nan fason Eta New York, anba lidèchip Gouvènè Cuomo, ap pran mezi desizif pou pwoteje ekosistèm nou an ak ankouraje kwasans ekonomik ki pral benefisye jenerasyon Nouyòkè aktyèl ak jenerasyon alavni yo".

Gil C. Quiniones, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYPA, te deklare, "NYPA a ak Canal Coporation fyè pou li genyen yon wòl nan Pwogram Resif Atifisyèl Gouvènè a. Pwogram inovan sa a benefik pou anviwònman an ak bò rivaj nou yo epi li ofri nouvo opòtinite rekreyatif pou pechè ak plonje yo ansanm ak avantaj ekonomik lokal pou kominote bò rivaj yo. Reyitilizasyon kreyatif sa a konsènan ekipman ki pa an sèvis yo se yon ganyan-ganyan".

Senatè Todd Kaminsky, ki se Prezidan Komite Konsèvasyon Anviwònmantal Sena (Senate Environmental Conservation Committee) a, te deklare, "Efò restorasyon anviwònman an pou etann Resif Plaj Atlantik la ofri nou opòtinite pou ankouraje ni divèsite lavi maren Long Island lan ak ekonomi Bò rivaj Sid (South Shore) la pandan nou ap ankouraje endistri lapèch, plonje nan lanmè ak touris nou an. Envestisman sa yo nan ekspansyon resif atifisyèl yo esansyèl epi mwen remèsye Gouvènè a ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la dèske li te fè patenarya nan travay enpòtan sa a".

Manm Asanble a Melissa Miller te deklare, "Resous maren New York yo enpòtan pou ekonomi nou an epi mwen akeyi vwati ray tren yo nan Resif Plaj Atlantik la. Sa pral ede amelyore ekosistèm maren nou an ak ankouraje lapèch espòtif, plonje nan lanmè ak lòt endistri rekreyatif maren yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt angajman li pran anvè anviwònman nou an".

Nan diskou Eta Leta 2020 li an, Gouvènè Cuomo te angaje nan double sipèfisi Resif ki deja egziste nan New York nan elaji sèt nan 12 sit ki deja egziste yo ak kreye kat nouvo resif atifisyèl nan Detwa Long Island ak nan Oseyan Atlantik la. Ekspansyon sa a pral acheve dis 2022.

Nan mwa avril 2020, DEC te finalize yon Deklarasyon Jenerik Siplèmantè sou Enpak Anviwònmantal (Supplemental Generic Environmental Impact Statement, SGEIS) pou Pwogram Resif Atifisyèl la pou adrese avansman nan syans ak ekspètiz ki gen rapò ak devlopman resif atifisyèl. SGEIS la pwopoze agrandi, kreye, ak kontinye itilize sit resif bò rivaj New York yo. Yo te devlope premye Deklarasyon Jenerik sou Enpak Anviwònmantal (Generic Environmental Impact Statement, GEIS) ak Plan Resif Atifisyèl an 1993.

Resous nan lanmè New York yo enpòtan anpil pou ekonomi Eta a, nan sipòte prèske 350,000 djòb epi jenere plizyè milya dola atravè endistri touris, pèch ak lòt endistri ankò. Plis pase 500,000 pechè nan rejyon an pral pwofite de avantaj inisyativ Gouvènè a, ki ap sipòte ekonomi marin rejyon an ki ap devlope ki reprezante apeprè 9.7 pousan nan Pwodwi Enteryè Brit (Gross Domestic Product, GDP) total Long Island lan.

Konstriksyon resif atifisyèl la fè pati New York Ouvri pou Lapèch ak Lachas (NY Open for Fishing and Hunting Initiative) Gouvènè Cuomo a, ki se yon efò k ap fèt pou amelyore aktivite lwazi pou pwofesyonèl espòtif fanm kou gason ki soti nan Eta ak

andeyò Eta a yo ak pou estimile aktivite touristik toupatou atravè Eta a. Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Resif Atifisyèl DEC a vizite [sitwèb DEC a](#).

Pwogram Resif Atifisyèl New York la se yon egzanp angajman Gouvènè Cuomo pou restore ekosistèm ak ekonomi nan lanmè yo. Konbine avèk pi gran akò ewolyèn olaj zòn kot yo nan nasyon an, investisman rekò sou Fon Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Fund) la ak Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp la (Clean Water Infrastructure Act), yon entèdiksyon sou foraj nan zòn kot yo, adopsyon 'pwojè lwa 'Bunker' a pou entèdi itilizasyon filè ak senn pou pwoteje espès fondamantal sa yo, pwogrè kontinyèl Inisyativ Restorasyon Fwidmè Long Island (Long Island Shellfish Restoration) lan, ak lòt pwogram pou pwoteje ak amelyore kalite dlo, efò Gouvènè a yo ap reyalize yon anviwònman nan lanmè pi pwòp ak pi bon pou tout Nouyòkè yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)